Paribasa nyaeta babandingan anu jadi perlambang lakuning hirup, ngawangun kalimah (omongan, ungkara) anu geus puguh entep seureuhna, geus puguh surupanana, geus puguh pok-pokanana. Paribasa panjurung laku hade eusina mangrupa panjurung pikeun milampah kahadean. Anu kasup kana paribasa pangjurung laku hadé nya éta….

A. Bisa ka bala bisa ka balé
B. Nyeungeut damar di suhunan
C. Ngaliarkeun taleus ateul
D. Lauk buruk milu mijah

Paribasa panyaram lampah salah eusina panyaram sangkan ulah migawe pagawean anu matak rugi, boh keur dirina sorangan boh keur batur. Biasana dipiheulaan ku kecap ulah.
"Kadé, ulah nepi ka jati kasilih ku….."
Kecap anu cocog pikeun contoh paribasa panyaram lampah salah di luhur nyaeta ….

A. Jéngkol
B. Jeungjing
C. Junti
D. Peti

Babasan nyaeta ungkara basa anu dipake harti injeumanana sarta eusina mangrupa babandingan nu ngagambarkeun kaayaan, kalakuan, jeung pasipatan jelema. Babasan kokolot begog dilarapkeun ka……

A. Kolot anu taya kanyaho kawas budak.
B. Budak ngomongna nyanyahoanan kawas kolot.
C. Kolot anu kalakuanana kawas budak.
D. Budak anu katémbongna saperti kolot.

Babasan nyaeta ungkara basa anu dipake harti injeumanana sarta eusina mangrupa babandingan nu ngagambarkeun kaayaan, kalakuan, jeung pasipatan jelema. Ceuk kolot mah lamun budak sok paséa jeung dulur teh matak…….

A. Pajauh imah
B. Pajauh sawah
C. Pajauh huma
D. Pajauh jeung dulur

Paribasa panyaram lampah salah eusina panyaram sangkan ulah migawe pagawean anu matak rugi, boh keur dirina sorangan boh keur batur. Anu kaasup kana paribasa panyaram lampah salah nya éta…..

A. Cul dogdog tinggal igel.
B. Bisa ka bala ka balé

LIVEWORKSHEETS

C. Batok bulu eusi madu.
D. Hulu gundul dihihidan

LIVEWORKSHEETS